ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№131 (21.539) ● 2009 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 16, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЩІалэгъуалэ правительствэм и зэхэтыкІэм и Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент ым 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Указ №85-УП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. ЩІалэгъуалэ правительствэм и зэхэтыкІэм, «�щІалэгъуалэ правительствэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Указ №85-УП-мкІэ арэзы зытекхуам, мыпхуэдэ зэхэуэкІынгъэхэр хэлъхьэн:

а) 2-нэ пунктым кІары имыІэжу къэлъытэн;

б) 5-нэ пунктым:

ятІуанэ, ещанэ абзацхэр мыпхуэдэу къэхьын:

«ЩІалэгъуалэ правительствэм хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ядэлэжьнымрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и министрыр;

ЩІалэгъуалэ правительствэм спортымрэ туризмэмкІэ и министрыр;»;

Етхуанэ абзацыр мыпхуэдэу къэхьын:

«ЩІалэгъуалэ правительствэм щэнхабзэмкІэ и министрыр;»;

Еханэ абзацым кІары имыІэжу къэлъытэн.

2. Мы Указым кІары егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м
№ 97-УП

●Дыгъуасэ

КупщІафІэу зэдолажьэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дыгъуасэ щекІуэкІащ «Іуащхьэмахуэ - 2009. Бгыхъэмрэ щэнхабзэ туризмэмрэ» дунейпсо щІэныгъэ-практикэ конференц. Ар КъБКъУ-мрэ Льэшкъэр зэпыщІным хуэунэтІа щэнхабзэ Іуэхугъуэхэм зыщрагъэужьыныр институтымрэ (INST) зэращыдІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ кьыдэгъэпэщащ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и яп къудзэ **Тхьэпшэныкъ Мурат**, республикэм и гъэдэжьныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **ЩІхьэгъэпсо Сэфарбий**, КъБКъУ-м и ректор **Къаэмырзэ Барэсбий**, INST-м и щІэныгъэ директор **Арльт Герберт** (Австрие), профессорхэу **Пфаннер Гельмут** (США), **Хиэ Габриелэ** (Мэжэр), **Гальстл зэпкъэгъуэхэу Гаиэр Герезэр.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щагъэпсэхуІэ дахэхэм, и хабзэ тельыджахэм, и тхыдэ, щэнхабзэ кьудейм кьыдихьэкащ дунейпсо турист Іуэхущ1апІэхэр. Тхыдэм, литературэм, культурологием елжь щІэныгъэлІэхэр щэнхабзэ туризмэм дуней псом зэрызыщрагъэужьыным и хэкІыпІэхэр кьалъхьуэу кьыщыпсэльащ зэхьуэхэм. Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу конференцым зи гугъу щащІар бгыхэм я дунейпсо музей кьызэгъэпэщыныр.

- Ильэсиш хьуауэ ди университетымрэ Льэпкъэр зэпыщІным хуэунэтІа щэнхабзэ Іуэхугъуэхэм зыщрагъэужь институтымрэ дыздэлажьэ, - жиІащ Къаэмырзэ Барэсбий зэІущІэр кьыщыдэІуихым. - Апхуэдэ жэрдэм зыщІар институтым и директор Арльт Гербертщ. А зэдэлажьныгъэм льэпкъуитІми ди фейдэ хэлъщ, зыужьыныгъэщІэхэм дыхуеІщэ. Конференцым и яп Іыхьэр КъБКъУ-м и щІэныгъэ центру Іуащхьэмахуэ льапэ щыІэм щекІуэкІащ, КъБКъУ-м и «Социально-культурный сервис и туризм» факультетым и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ хьщІэхэм ирагъэлъэгъуащ туризмэм зиужьынымкІэ щыІэ проектхэр икІи ахэр ди республикэм кьыщыбгъэсэбэп зэрыхьунур. Утыку кьрахьа лэжьыгъэ псори INST-м и сайтым иралъхьнущ.

АджкІэ ректорыр тепсэльыхьащ КъБКъУ-м и Іуэхущ1апІэхэм. Къаэмырзэр кьытеувыІащ факультет къэс я пщэ кьыдэхуэ кьалэнхэм, ирагъэкІуэкІ щІэныгъэ-къэхутэныгъэхэм, Болонскэ процессым зэрыхэзгъэм, диссертационнэ советым и лэжьэкІэм, нэгъуэщІхэми.

АджкІэ утыкур хуит зыхуащІа Тхьэпшэныкъ Мурат КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и щІэкІэ хьэщІэхэм захуигъэзащ икІи кьыхигъащ зытепсэльыхь Іуэхугъуэхэм ди республикэм дежкІэ мыхьэнэщхуэ зэраІэр.

- Республикэм и экономикэм зыкьиІэтыныжкІэ щІыналъэм и турист комплексым зегъэужьыныр тегъэщІапІэ тщІын хуейщ, - жиІащ Тхьэпшэныкъ. - Дэ диІэщ цІыхуэр дэрыльхьэхьэм щІыпІэ дахэхэр, зыгъэпсэхупІэ екІуэр икІи дунейпсо мардэм тету а Іэнатіэр зэтедгуэхэм, республикэм и мыдакъуэу, къэралі бюджетми хэхьуэ кьыхуихьынущ. Турист комплексым республикэм зыщиужьэм, щэч хэлъкъым цІыхуэм я псэукІэри зэрефІэкІуэнум. Статистикэм кьызэригъэлъагъуэмкІэ, туризм бизнесым хэпІхьа зы сомыр - 7-кІэ бэгъуауэ кьыхьыбохьыж. Абы и льэныкъуэкІэ дэ Іэмальфіэхэр диІэщ икІи ахэр кьэдгъэсэбэпын хуейщ.

Сэ сыщыгъуазэщ ди студентхэм я гъуэгу Іуащхьэмахуэ дэкІа хьэщІэхэм зи ныбжьыр илъэс 76-р хьу щІэныгъэлІ цІэрыІуэ эзрахэтам. А бгыр ди щыналъэм итми, абы дэкІыныр псоми туэрфІэкІыркъым. Пфаннер Гельмут апхуэдэ лІыгъэ кьыхэзрыкъуэкІар дымыгъэщІагъуэу кьэнакъым икІи а екъулІэныгъэмкІэ дохъуэху. КьыхэгъэщІпхъэу кьыщІэкІынщ, хьэщІэхэр Африкэм щынэхь льаГэ дыдэ Килиманджарэ бгым зэрыдэкІыфари. Лэжьыгъэ и пІалъэ зыщІэ гупым даэзрыпыщІам и фІыгъэкІэ республикэм и турист Іуэхум нэхъ псынщІэу зэрызнужьынум щэч кьытетхьэркъым. Апхуэдэу догугъэ КъБР-м и турист щІыпІэхэм теухуауэ я гъэхьэныр фильмым Зальцбург щекІуэкІыну кинофестивалым гу кьыщІыпІытэну.

Арльт Герберт псалъэ щратым кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ зи унафэщІ институтым и лэжьыгъэм. Абы кьыхигъэщащ, КъБКъУ-м и цІэр фІыкІэ жаІэу куэдрэ зэрызэхихар, иджы езыри а еджапІэм зэрыдэлажьэм зэрыригушхуэр.

- Фэ фиІэщ зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІ щІэныгъэлІэр, - жиІащ Австрием кьикІа щІэныгъэлІым. - Абыхэм я деж сэ кьыщыщІащ си лэжьыгъэм кьыщыкъэхущхьэпІэ гъэщІэгъуэн куэд. ФиІэщ щІэныгъэм кьыщІэхьэхьэм хьугъуэфІыгъуэ куэд, ахэр тэмэму кьыфхуэзгъэсэбэнэ, абы республикэм хэхьэшхуэ кьыхихьынущ и щыІэри кьиІэтынущ. Іуащхьэмахуэ льапэ щедгъэкІуэкІа кьэхутэныгъэр ди институтым и Интернет-журналым итхьэнущ, апхуэдэу ахэр кьытехуэнущ Австрием кьыщыдэкІ газет цІэрыІуэхэм ящыщ зым.

Арльт Герберт Килиманджарэ щрагъэкІуэна кьэхутэныгъэм теухуа тхыгъэ зэрыт журнал тыгъэ яхуищІащ Тхьэпшэныкъ Мурат. Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ икІи кьыгъэгъащ Іуащхьэмахуэ теухуа кьыдэкІыгъуэр мы илъэсым хриГъэубыдэну.

INST-мрэ КъБКъУ-мрэ зэрызэдлажьэм япкъ иткІэ університетым егъэхьэщІр КъБР-м щыпсэу льэпкъэхэм я щэнхабзэм, щхьныгъуэхэм теухуа щІэнгъуэзэ, апхуэдэуи туристхэм папщІэ кьыдагъэкІынущ нэмыцІэбзэ, иджыблэзыбзэ, урысыбзэ, адыгэбзэ, балъкъэрыбзэ псалъалъэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэ.

●Хъыбарыфіхэр

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсенрэ Тэрч районым и унафэщІ Пэнагуэ Максимрэ консерв заводыр кьызэІуах. *Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Инвестицэ мылъкуу сом мелуани 180-рэ

Тэрч районым щрагъэжьащ зы сыхьэтым хадэхэкІыу тонни 4-м щелжьыну Іуэхущ1апІэ. КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен щыхуу 500-м нэблагъэ щагъуэтыну а Іэнатіэщ1эр бадзэуэгъуэм и 14-м кьызэІуихащ.

РЕСПУБЛИКЭм и унафэщІыр «Консервпром» ООО-м и лэжьакІуэхэм яхуэзащ, я гукъыдэжьр зыхуэдэм щІэупщІащ. Хабзэм тету, данэ ленті плъыжькІэ зэпаупщІа нэужь, Кьанокъуэ Арсен консерв заводым и цехыр кьыплъыхьащ.

Линэм щагъэуба Италием и «Техночен» фирмэм и Іэмэпсымэхэр зэдэуэуэ лажьэрт, нэщІэр зралъхьэу зи щхьэр ягъэбыдэжа «европей банкІхэр» хьэзыру кьаутІыпщІырт. Я тепльэм уэлэпишэу щытми, Кьанокъуэ Арсен Іэфіагъэ гурыхьагъэм епльати, арэзы техьауащ.

Инвесторхэм мы проектым сом мелуани 180-рэ хухахащ, «Консервпром» ООО-м и мелуан 58-рэ хилъхьащ. Іэнатіэр кьызэІуихьар промышленнэ налмэсхэм елэжь, щыдагъэ кьыщІэхьэшхэм папщІэ Іэмэпсымэхэр зыгъэхьэзыр республикэм и предприятэ нэхьыжь дыдэхэм ящыщ «Тэрч налмэс» ОАО-рщ.

ХъумапІэ банкым кредиту сом мелуан 72-рэ кьариитащ. КьыхэгъэщІапхъэщ адрей сом мелуан 50-р КъБР-м Инвестицэмрэ зы лжьыныгъэмкІэ и агентствэм предприятэм зэрыхуэхихар. Ар и щІыхьэтщ кьэралыр хьэрычэтыщІэхэм зэрадэІэпыкъум.

Кьанокъуэ Арсен кьызэригъэльэгъуамкІэ, дунейпсо финанс кризисым дыщІыхэт мы льэхьэнэм бизнесым мыльку хэльхьэныр и Іуэхум банкхэр хуэсакьыу бгдэхьэ. ХьэрычэтыщІэхэм защІигъэкъуэн папщІэ, езым и щэсыпІэ лъабжьэм и хьэжькІэ е инвестору къэуву къэралыр проектым хьыхьэфынущ. Апхуэдэу зэдэлэжьныр сэбэпщ, хьэрычэт Іуэху цІыкІумрэ курытымрэ республикэм и бюджетым хагъахьуэри.

- Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкІэ агентствэр кьэдгъэсэбэпуэрэ, мы эмэн гъунэгъум проекти 10 хуэдизым дыхьыхьэнущ. Абы теухуауэ мы гъэм республикэ бюджетым сом мелуан 500-м нэблагъэ кьыщыдгъэльэгъуащ. Етіанэгъэ нэхъ мащІэ хуэхэтхьынукьым. Кредитыр тэмэму кьэзыгъэсэбэп хьэрычэтыщІэхэм апхуэдэ щІыкІэм тету бюджет мылъкур еттынущ, абы кьыдэкІуэу дэтхэнэ зы сомри фейдэ пылъу кьызэрагъэлъагъуэ дыдэм. Инвестицэ Урысейм и щІыналъэхэм ящыщу а Іэмалыр кьэзыгъэсэбэпыр ди закъуэщ. Къабардей-Балъкъэрыщ абы япэу тегушхуар. Инвестицэхэр тыншу кьытІэрыхьэркъым, ауэ дэрэ ди Іэр эзтедзауэ дыщыс хьунукьым, - кьыхигъэщащ Кьанокъуэ Арсен. - Іэнатіэщ1эр «Тэрч налмэсым» дежьащ. Щ1эгъэкъуэн, Кризисым и зэранкІэ предприятэ нэхъыщхьэм хэщІыныгъэ иІэмэ, мыдрей хэкІыпІэр кьыпгъэсэбэп хьунущ.

«Тэрч налмэс» ОАО-м и унафэщІ ЛІэужь Адэлбий зэрыжиІамкІэ, консерв заводыр иджыпсту цІыху 500-м нэсым сменищу ягъэлажьэ. Абы щыІэ хадэхэкІыр щащІ. «Консервпром»-м и ныгъ гектар 800-м апхуэдизым лэжьыгъэ щагъэуэтынущ. Гъатхэ дызыхуэкІуэм зы дакьикьэм горох щхьэнтІэу банкІ 200 кьыщІэзыгъэкІыфыну нэгъуэщІ лини ирагъэжьэну я мурадщ.

ХЬЭПІЭ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Чеченов Ануар Урысейм и тхэквондом и унафэщІхэм хагъэхьэ

КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар Урысейм Тхэквондомкіэ и зэгугъэныгъэм и отчет-хэхьныгъэ зэІущІэм. Ар ди республикэм и дежкІэ щІыхьышхуэ зыпыпІэ Іуэхугъуэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Тхэквондомкіэ и федерацэм и президент, КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар апхуэдэ кьулыкъу льагэ кьызэрыхуагъэфэщар и щыхьэтщ а спорт лІэужьыгъуэм ди щыпІэм фІыуэ зыщІиужьауэ кьызэрэпытам.

Кьыхэгъэщапхъэщ КъБР-м щыщ щІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ зиужьрей илъэсхэм ехьулІэныгъэфІэр зэмызэхуэ куэдым кьызэрыщІахьар. Аращ зи фІыгъэр мы гъэм дунейпсо зэпеуэ Налшык щекІуэкІыну Къэбэрдей-Балъкъэрым Тхэквондомкіэ и федерацэмрэ Урысейм Тхэквондомкіэ и зэгугъэныгъэмрэ зэрызэгурыІуар.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Мы илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм гъавзу гектар мин 200-м нэс Іуахыжын хуейуэ къапэщыхьащ. Абы кьытрахыну щогугъ тонн мин 700-м нэблагъэ. Ар гъэ кІуэм кьрахьэлІэжа гъавэм нэхърэ нэхъыбэщ.

ІЭНАТІЭМ зэрызиужьыни и щыхьэтщ предприятэхэм иужьрей илъэсищым комбайн 37-рэ кьызэращэхуар. Абы сом мелуан 200 трагъэкІуэдащ. «Мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьыныр» льэпкъ проектым ипкъ иткІэ, зэгъэпэщащ нэгъуэщІ мэхъуэмэш техникэуи 850-рэ. Абыи сом мелуан 970-р хуэзащ. Апхуэдэу щытми, техникэр кьызэмэщІэкІ, кьызэращэхуи мылъку зыбгъэдэмылъ мэкъумэш Іуэхущ1апІэхэри мащІэкъым. Абыхэм ядэІэпыкъун папщІэ, илъэс кІуам «Къэбалъкъарродизинг» предприятэм машинэ-техникэ станц кьызэригъэпэщащ. Абы и техникэр нэхъыбэу зэлэжьыр вэн-сэныпрэ кьэкІыгъэхэм хущхьэу теутхэнымрэщ. Абыхэм губгъуэ гъжьыгъэ псори кьызэрызэщІамыбыдэр кьаугьытэри, мы илъэсым «Кьабардинскэ-агротех» Іуэхущ1апІэр щІэуэ кьызэІуахащ. Мыбы и техникэр хозяйствэхэм кьагъэсэбэпынущ хьэцэпэцэр, нартыхур, сэхуанр щы1уахьыжкІэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Налшык зыгъэдахэхэм ящыщщ Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр щылэжьэну унэщІэр. *Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

МэкъумэшыщІэхэм ядоІэпыкъу

щІапІэхэри мащІэкъым. Абыхэм ядэІэпыкъун папщІэ, илъэс кІуам «Къэбалъкъарродизинг» предприятэм машинэ-техникэ станц кьызэригъэпэщащ. Абы и техникэр хьэжьыбэу зэлэжьыр вэн-сэныпрэ кьэкІыгъэхэм хущхьэу теутхэнымрэщ. Абыхэм губгъуэ гъжьыгъэ псори кьызэрызэщІамыбыдэр кьаугьытэри, мы илъэсым «Кьабардинскэ-агротех» Іуэхущ1апІэр щІэуэ кьызэІуахащ. Мыбы и техникэр хозяйствэхэм кьагъэсэбэпынущ хьэцэпэцэр, нартыхур, сэхуанр щы1уахьыжкІэ.

Мы илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр щылэжьэну унэщІэ дыгъуасэ Налшык къыщызэІуахащ.

АР КЪАТИБЛУ зэтет, дунейпсо мардэм сыт и лъэныкъуэкІи кьытІасэ унэщхуэщ. Унэр къэзыгъэпль, электрокъарукІэ кьызэзыгъэпэщ къудамэ щхьэхуэ, пэщхэм я хуабагъэм щымахуи гъэмахуи зезымыгъэхьуэж, шынагъуэщІагъэм ехьэлІауэ сыт и лъэныкъуэкІи унэм кІэлъыплъ системэхэр иІэщ.

Іуэхум ехьэлІа гуфІэгъуэ зэхьыхьэм иджыри щІидзэгъкъым, ахъщэ хьумапІэм и щІыхьэпІэм дежи джагуэу кьыщызэІуахам. Яухуагъащ1э унэр кьыщызэІуахым кьрихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен, Урысей Федерацэм и Сбербанкым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и правленэм и унафэщІ Гаврилов Виктор, Къэбэрдей-Балъкъэр Парламентым и УнафэщІ Чеченов Ануар, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэпкъ ахъщэ хьумапІэм и унафэщІ Хьэмыкъуэ Анатолий, депутатхэр, министрхэр, республикэм щылажьэ лий, депутатхэр, министрхэр, республикэм щылажьэ ахъщэ хьумапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІхэр.

Сбербанкым и лэжьакІуэхэм гушыІэр я гуапэу зэрыщытым и щыхьэту, зэІущІэм кьрихьэлІат «Урысейм и пащтыхь Николай Езанэр». Абы и кьалэнхэр зыгъэзащІэ актерыр кьежьащ Іуэхущ1апІэр кьызэрызэІуахым ехьэлІа «унафэм».

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен фІыщІэ яхуищІащ Сбербанкым и унафэщІ Греф Германрэ абы и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и унафэщІ Гаврилов Викторрэ, республикэм и фейдэ зэрыхьэ кьалэт Іуэху псори гурэ псэкІэ кьызэрыдэІыгъым кьыхэкІыу.

- Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм республикэм и экономикэм кьыхихьэ ахъщэр плІыкІэ игъэбегъуащ. Езым бгъэдэлъ мылъкум сом мелуан 1,7-м щегъэжьауэ мелларди 7-м нэс хигъэхъуащ. Ар ди Правительствэм щыІауэ долажьэ, льэпкъ проектхэр гъэзэщІэным ехьэлІауэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент и Унафэщ1 Сбербанкым и унафэщІ Гаврилов Виктор, Къэбэрдей-Балъкъэр Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэпкъ ахъщэ хьумапІэм и унафэщІ Хьэмыкъуэ Анатолий, депутатхэр, министрхэр, республикэм щылажьэ щІэныгъэлІхэр, ахъщэ хьумапІэм и унафэщІ Урысей Федерацэм и Сбербанкым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и правленэм и унафэщІ Гаврилов Виктор, Къэбэрдей-Балъкъэр Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэпкъ ахъщэ хьумапІэм и унафэщІ Хьэмыкъуэ Анатолий, депутатхэр, министрхэр, республикэм щылажьэ щІэныгъэлІхэр, ахъщэ хьумапІэм и унафэщІхэр.

- Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Унафэщ1 Гаврилов Викторрэ, республикэм и фейдэ зэрыхьэу ящІэрт. Іуэху псори гурэ псэкІэ кьызэрыдэІыгъым кьыхэкІыу.

- Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Унафэщ1 Гаврилов Виктор, Къэбэрдей-Балъкъэр Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэпкъ ахъщэ хьумапІэм и унафэщІ Хьэмыкъуэ Анатолий, депутатхэр, министрхэр, республикэм щылажьэ щІэныгъэлІхэр, ахъщэ хьумапІэм и унафэщІ Урысей Федерацэм и Сбербанкым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и правленэм и унафэщІ Гаврилов Виктор, Къэбэрдей-Балъкъэр Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэпкъ ахъщэ хьумапІэм и унафэщІ Хьэмыкъуэ Анатолий, депутатхэр, министрхэр, республикэм щылажьэ щІэныгъэлІхэр, ахъщэ хьумапІэм и унафэщІхэр.

Сбербанкым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и унафэщІ Гаврилов Виктор кьыхигъэщащ, кризисым емыльытагъэ, я ахъщэ хьумапІэм хьарзынэу зэрызнужьыр, щыхуэр зэрагъэтыншым ехьэлІ, Іэмал псори кьызэрагъэсэбэпыр, кьызэІуах унэр а псалъэхэм зэрищІыхьэтыр. Абы зэрыжиІамкІэ, унэщІр технологиещІэхэмкІэ кьызэгъэпэщащ, псалъэм папщІэ, щыхуэр и унэм зэрыщІэсым хуэдэу, зыщыщІэ Іуэхутхьэбзэхэр хуалэжьын папщІэ. Абы иІэщ Урысей Сбербанкым и Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэм занщІэу пыщІа телеканал, лэжьакІуэхэр егъэджэнымкІи, сыт хуэдэ Іэмалыншэ Іуэхукіи чэнджэщэр зэрызэІэпахыным хуэщІауэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентымрэ Правительствэмрэ икьыкІэ куэд ялэжь республикэм и экономикэм ахъщэ кьыхалъхьэным тезыгъэгушхуэн хэкІыпІэфІхэр кьызэрагъэпэщыным Дзэрий хэтыр, зауэлІ мин 12 зыхэтар. Ар кьазэрехьулІэм и щыхьэтщ инвестицэу сом мелард 11 Къэбэрдей-Балъкъэрым кьызэрауІыпщар. ИкІи ар а лэжьыгъэм и щІэдзапІэу долытэ. Аращ дытезыгъэгушхуари Кавказ Ищхьэрэ псом и Іуэхущ1апІэ нэхъыщІ дыдэр фи республикэм щыдухуэну, - жиІащ Гаврилов Виктор.

УнэщІэм и проектыр «Новороссийскдапроект» акционер обществэм игъэхьэзырауэ щытащ. Ар зы илъэсым иухуащ Тырким и «Акын Озайл» ухуакІуэ фирмэм. Проектым и уасэщ сом мелуан 265-рэ, унэм еубыдэ метр зэбгъэзэнатІэу 7655-рэ, ар хуэщІащ цІыху 354-рэ зэрыщыІэжьэнум.

Тырким и «Акын Озайл» фирмэм и унафэщІ Акынбек Озайл унэм и фэепІэ абджьыпс Іуэкьыбзэр ахъщэ хьумапІэм и унафэщІ Урысей Хьэмидбий иритыжащ икІи ехьэхьуауэ Іуэхущ1апІэщІэр илъэс куэдкІэ республикэм зиужьыныр телэжьэну.

Президент Кьанокъуэ Арсен зэрэгъэсэбэпыр и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и унафэщІ Гаврилов Викторрэ данъэч плъыжьыр зэпаупщІри, унэбжэр кьызэІуахащ. Абыхэм лэжьапІэ унэр иджырей техникэщІэкІэ кьыхигъэпэща зэрыхьуар, еджапІэ, зэІущІэ щекІуэкІыну, лэжьакІуэхэм папщІэ спорт Іэмэпсымэхэр зэдыщагъэуба пэшхэр зрагъэтьагъуащ.

ГЪУЩІО Зарифи.

ЗэрефІакІуэм и нэщэнэ

Сбербанкым и унэщІэр кьызэІуахащ Гаврилов Виктор, Кьанокъуэ Арсен, Урысбий Хьэмидбий, Тхьэмокъуэ Анатолэ сымэ.

Зыри къелакъым

Ираным и щІыналъэм, Тегеран пэмыжыжьэу, кьыщІэхэщ Ереван кІуэ «ТУ-154» кхъухьлъатэр.

Абы исащ цІыхуи 168-рэ.

Дакьикъэ 15 фІэкІа уэгум имытауэ, кьеухэха кхъухьлъатэм иса псори иукІащ.

Гуитім я зыр

Инджылызым и дохутыр-хэм илъэс 16 зи ныбжь Хани Кларк и гуитім я зыр и бгъэм кьрахьжащ. Етіуанэ гур абы и Іэпкъльэп-кьым хухахъэуват илъэситІ ныбжьым иту, и гур тэмэму зэримылажьэм кьыхэкІыу. Хамэ гур Іэпкъльэпкъым хэзэгъэн папщІэ, сабийр зэрымыуэ хуищхъэ зэмылІэужьыгъуэхэм ирагъафэрт.

Апхуэдиз хущхъуэр зыужьыныншэу кьэнэнт - хамэ гур бэгащ, лышх уз кьыпкъырыхьэри. А уз шынагъуэр зэтрагъэувыІэн папщІэ, ныбжьыщІэр илъэс 14-кІэ зыгъэпсэуа етІуанэ гур бгъэм икІэщІыпІэкІэ кьыхахьжьын хуей хьуащ. Абы наІуэ кьыщІащ апхуэдизи илъэскІэ зызыгъэпсэхуа ешьм и гур зэрыхъужжар, дяпэкІэ лжьэнуи зэрыхьэзырыр. Ар дохутырхэм зэрагъэщІэгъуэн ящІэркьым - гур яхуэгъэхъужыну ахэр щыгугъыртэкъым.

Я жагъуэ мэхъу

Канадэм визэншэу кьэкІуэну хуит ищІащ Чехием щыщхэр.

А унафэр лэжьэнущ илъэситІкІэ. Чехием политикэ Іуэхукіэ зэхэзехуэн щащІхэращ нэхъыбэу а визэншэ Іэмалыр кьэзыгъэсэбэпыр. КьызэрыщІэкІымкІэ, политикэр я щхьэусыгъуэу Чехиер зыбгынэхэр егъэлеяуэ куэд ихьэу. И нэхъыбэм зэхэсхуэн а кьэралым цыджанэращ щащІар.

Чехием кьиныпІащ Канадэм и Іуэху бгъэдыхьэкІэм ныбжьэгъугъэ льэпкъ хэмылъу, щыджанхэр зэщІигъапІэну, икІи мурад ищІащ абы кьыІыну Евросоюзым кьэкІуэну хуей дэтхэнэми (ар зэдэкІуэ кьэралым емыльытауэ) визэр зыгъэтКІий хабзэхэр Евросоветым кьыщыхилъхьэну. КьищынэмыщІауэ, Чехием и лІыкІуэхэр Канадэм кьрешыжри, абы и лІыкІуэу Прагэ щІыпІэхэри я унэ егъэкІуэж.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 16, *махуэку*

◆Илъэс 30 и пэкІэ Иракым и президенту хахат Саддам Хьусейн. Ар а кьулыкъым ехьэлІауэ. Къабардей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен, Урысей Федерацэм и Сбербанкым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и правленэм и унафэщІ Гаврилов Виктор, Къэбэрдей-Балъкъэр Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэпкъ ахъщэ хьумапІэм и унафэщІ Хьэмыкъуэ Анатолий, депутатхэр, министрхэр, республикэм щылажьэ щІэныгъэлІхэр, ахъщэ хьумапІэм и унафэщІхэр.

- Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Унафэщ1 Гаврилов Викторрэ, республикэм и фейдэ зэрыхьэу ящІэрт. Іуэху псори гурэ псэкІэ кьызэрыдэІыгъым кьыхэкІыу.

- Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Унафэщ1 Гаврилов Виктор, Къэбэрдей-Балъкъэр Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэпкъ ахъщэ хьумапІэм и унафэщІ Хьэмыкъуэ Анатолий, депутатхэр, министрхэр, республикэм щылажьэ щІэныгъэлІхэр, ахъщэ хьумапІэм и унафэщІхэр.

Сбербанкым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и унафэщІ Гаврилов Виктор кьыхигъэщащ, кризисым емыльытагъэ, я ахъщэ хьумапІэм хьарзынэу зэрызнужьыр, щыхуэр зэрагъэтыншым ехьэлІ, Іэмал псори кьызэрагъэсэбэпыр, кьызэІуах унэр а псалъэхэм зэрищІыхьэтыр. Абы зэрыжиІамкІэ, унэщІр технологиещІэхэмкІэ кьызэгъэпэщащ, псалъэм папщІэ, щыхуэр и унэм зэрыщІэсым хуэдэу, зыщыщІэ Іуэхутхьэбзэхэр хуалэжьын папщІэ. Абы иІэщ Урысей Сбербанкым и Іуэхущ1апІэщІэр илъэс куэдкІэ республикэм зиужьыныр телэжьэну.

Президент Кьанокъуэ Арсен зэрэгъэсэбэпыр и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и унафэщІ Гаврилов Викторрэ данъэч плъыжьыр зэпаупщІри, унэбжэр кьызэІуахащ. Абыхэм лэжьапІэ унэр иджырей техникэщІэкІэ кьыхигъэпэща зэрыхьуар, еджапІэ, зэІущІэ щекІуэкІыну, лэжьакІуэхэм папщІэ спорт Іэмэпсымэхэр зэдыщагъэуба пэшхэр зрагъэтьагъуащ.

ГЪУЩІО Зарифи.

Бадзэуэгъуэм и 17, *мэрем*

◆1918 гъэм Романовхэ я пащтыхь унагъуэр Екатеринбург щыкІащ.

◆1942 гъэм Сталинградэ зауэм щІидзащ.

◆1945 гъэм ЕтІуанэ дунейпсо зауэм щытекІуа хэкъаралхэм я Іэтащхьэхэм Берлин (Потсдам) конференцыр кьызэІуахащ.

◆Дзэ-тенджыз флотым и авиацэм и махуэщ

◆Финляндиэм демократиеи и махуэщ.

◆1967 гъэм Лениным и цІэр зезыхьэ колхозым (Арцыщан) Ленин орденыр кьратащ.

◆Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикьэ 39-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 45-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикьи 6-рэ.

Планэтэр зыгъэхьэзырыр
ГЪУЩІО Зарифи.

Льэпкъ Іущыгъэ:

Хабзэр бзэгупэкІэ кьрахьэкІыркъым.

ЛІыхъужьхэм я щІэкІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и президентым и пресс-Іуэхущ1апІэм кьыдэзыртамкІэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и къуршыщхьэхэм Совет Союзым и ЛІыхъужь, армэм и генерал Марглелов Василийрэ бронетанкыдзэм и генерал-полковник Магомедов Султанрэ я щІэхэр фІащыну ядэжьблагъэ кьыхалъхьащ.*

ЖЭРДЭМЫР кьызыбгъэдэкІар Совет Союзым, Урысей Федерацэм я ЛІыхъужь дамыгъэхэр зэзыхьэхэм я зэгугъэныгъэм и тхьэмадэ Солуянов Александрщ. Иджыблагъэ республикэм и президент Эбзеев Борис щыІущІам абы теухуауэ епсэлъащ. ЗауэлІхэм я щІэр фІащыну кьагъэлъэгъуащ Хьурзыку и кьуршыщхьэхэр.

Жьыр къащти, щІэр кьыхэх

АБХЬАЗ. *Урысей Федерацэмрэ Абхазымрэ я футболхэм я ветеранхэм я зэІущІ иджыблагъэ Сыхьэм щекІуэкІащ. Ар кьызэрыгъэпэщар футболист щІэрыІуэ Цвейбэ Ахрикиц.*

АБХЬАЗЫМ и спорт комитетым и тхьэмадэ

● ЗэлуцIыхэр

Къалэнхэр щагъэнаIуэ

«Синдикэ» интур-хъэщIэщым махуитIкIэ щекIуэкIащ УФ-м и щIыналъэхэм я Федеральнэ казначействэм и финанс управленэм я зэлуцI.

ЩIыпIэ 60-м щIигъуи я лыкIуэхэмрэ аппарат нэхъыщхьэм и лэжьакIуэхэмрэ зыхэта зэхьыхэм щыгъэпсэлъыхьащ управленэмкIэ учетым и Iэмалыр Iэнатlэм хэпщIыным ехьэлIа къалэн пэжыщIэхьэм, АКСИОК программэ комплексыр къызэрагъэсэбэп щыкIэмрэ абы зегъэужьыныгъэ, «Федеральнэ казначейство»-м и Iыхьи 100-м ипкъ иткIе, бюджетыр учет зэращIымрэ бюджетым и отчетым и отчетым и зэрагъэхъуэгъэ Iуэхуитурэ.

Федеральнэ казначейством и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Зрум Леонид** зэIуцIэр къыщIэIуихри, республикэм и нобэрей гъащIэм, социально-экономикэ я IыныкъуэкIэ игъэзэ зыужьыныгъэм хъщIэхэр кIэщу хигъэхъуэзащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр дунейпсо курортщ, туризмэм, альпинизмэм, бгы-лыжэ спортым я Iыхьэщ. Псы хущхьуэжр и куэдщ. Абыхэм я къыщIэкIыпIэхэм санаторэхэр, турбазэхэр, сабийхэм я узынщагъэр щагъэфIакIуэ Iуэхущапlэхэр щолажьэ. Дэ дин1эщ молибден, вольфрам, бдзэмпIэ, дзэжь, гъуанIэ, дыщ къыщIэкIыпIэкIэр. Республикэр нэгъэущI щIыпIэхэм фейдэ пылъу ядолажьэ. Абыхэм щIэупщIэ щаIэщ ди Iуэхущапlэхэм къыщалажь ерыскыкIэхIэхэм, гъущIэхIэхэм, машинэзухъуэхэм, щIыдатрэм елэжь Iэнатlэхэм къытаслэсэбэп пкIыгъуэхэм. Зэрыщыту къащIэтэжа, нужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм зэпIэзэрыту зеужь, программэ хэхахэр арэзы ухишущ щагъэзащIэ, инвестицэ проект инхэр тегушхуэу щыпхагъэкI, - кIингъэльэгуащ абы.

Зрум Леонид зэрыжиIамкIэ, мы зэманым республикэм и куейхэм я Iуэхущапlэхэм я къуджэу 10 щолажьэ.Ахэр Федеральнэ казначейством къахунгъэзыв къалэнхэм хъарзынэу полъэщ, бюджет лIэужьыгъуэхэр гъэзэщIэнкIэ щыпхагъэкIыжа. Ищхьыпсту гупльитэ хэха хуащI управленэмкIэ учетым и Iэмалхэм я лэжьыгъэм зыщегъэужьыным. АКСИОК программэ зэхэтIыр къагъэсэбэпын зэрыщIадзэрэ Федеральнэ казначейством и аппаратыр чэнджэщэкIэ къадолэпыкIу.

- МраленэмкIэ учетым и Iэмалхэм дызэрызэхэзыIэн мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэн зыбжанэ зэфIигъэкIынущ, - кьыхигъэщащ Зрум Леонид, - Iуэхум кIэухыу нIэнум тегщIыхьауэ бюджет убзыухукIэм и фIагъыр хэпщIыкIыу иригъэфIэкIэнущ, бюджет мыпкъым и зехьэкIэр игъэпIэныпкъу, я къалэныр щагъэзащIэ унэтIыгъэр зыхъуэдэмкIэ ящх ящуапльныгъэр кIынтэныщ. Мы зэIуцIэм ахэри, нэгъуэщI Iуэхугъуэ щIэзэпкърытхыну ди мурадщи, ди щIыпIэр къызэрыхэфам папщIэ фIыщIэ фхуIоощ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым я ятIэ кIуэдзэ **Тхъэзэпгъыж Мурат** республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я фIэхъусэхэр хъщIэ зэрихьыжа нэужь, финансэмкIэ министр **Бышэн Азрэт** псалъэ иритащ.

- Ди лэжьыгъэр едгъэфIэкIуэнымкIэ, мы зэIуцIэм мыхьэнэ хэха иIэу къызэлъытэ. Къащтэмэ, нужьрей илъэсищым ди республикэм щIэзэтеуа Iуэху зехьэкIэм дяпэкIи зригъэужьынущ. А зэманым кIырубыдэу финанс гъэжьакIуэхэм яхъ жуэпIыныгъэ, я Iэфэкlыми куэдкIэ хэхъуащ, - кьигъэльэгъуащ министрым.

Абы кьыхэзыригъэщамкIэ, илъэсищ и пэкIэ республикэм и бюджет зэгъэуIуэр сом меларди 9 фIэкIа мыхьуамэ, мы гъэм мелард 23,4-м нэсыну щогуГъ. Иджы езым и хъкъуэхэмрэ федеральнэ мыхьэнэ зэпокIуэ. Нэхъапэкэм ар хуэдитIкIэ зэщIхьэщыкIырт. Мы гъэм федеральнэ мыпкъуу сом мелард 11-м щигъу КъБР-м кьыIэрыхьэнущ, республикэ бюджетым езым и хъхъуэжри апхуэдизу къынущ.

- Нужьрей илъэсиплым кIырубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым дотацэу кIратыр процент 65-м щегъэжьауэ процент 52-м нэскIэ дгъэмещащ. Ар и фIыщIэщ Федеральнэ казначействэр кьызэрыдэIэпыкъуи, финанс Iуэхуэр нэхъыфIу дгъэзащIэ зэрыхъуэм, - жиIащ **Бышэн Азрэт**.

ИужькIэ Федеральнэ казначейством ФинансэмкIэ и управленэм нэгъэбэ и лэжьыгъэр зыхуэдамэр 2009 - 2010 гъэхэм нэхъыщхьэу кьапэщытхэмрэ зехуэхуэу докладищ ищащ а Iуэхущапlэм я унафэщI **Яковлевэ Еленэ.**

Абы кьыхэзыригъэльэгъуамкIэ, нэгъабэ кIырауушхуэ ирахьэлIащ Федеральнэ казначейством и Iэнатlэм управленэмкIэ учетым и Iэмалым щыхуэкIуэныр кьызэрыгъэзащыным и Iуэхум. Ар зэращIыр унафэ хэхакIэ зы хабзэм хуагъэкIуащ, аппаратым нэхъыщхьэу Федеральнэ казначейством и щIыналъэ къудамэхэмрэ кьызэрыщагъэсэбэпыну щыкIэм и план кьащтащ. Управленческэ учетым папщIэ отчетыр зэрабзыкъу, абы зэрырат Iэмалхэр 2010 гъэм нормативэ тхьылъ щхьхьэуэ хэмкIэ щIагъэбыдэнущ. А тхьылъыр дунеим кьыгъетхьэжащ, ведомствохэм я программэ хэхахэр я пIалъэжьу, хэщIу ятхахэр зэрызыхър отчет щыкIэу зэхуахьэсынущ. Абы техуэауэ нэгъабэ ирагъэкIуэкIащ щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр зыкъэ зэIуцIипIэ. 2008 гъэм кьаплъыта къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ управленческэ учетым зы щыгъэкIэм тещIыхьа и Iэмалыр Федеральнэ казначейством и аппарат нэхъыщхьэмрэ и щIыналъэ къудамэхэмрэ хэпщIыр. А лэжьыгъэм щыщ куэдыр зэфIагъэкIащ аппаратым нэхъыщхьэм информацэмкIэ и управленэр я гъуэсу,

- Сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэми мыпкъу токIуадэ. АКСИОК программэр егъэфIэкIуэным бюджетым щыщу сом меларди 4 хуэзащ.

Урысейм Финанс хэмкIэ и министерствэм федеральнэ бюджетым и мыпкъыр нэхъыщхьэу зезыгъаIуэкIуэхэм я дежи нэгъабэ зегурыIуэныгъэкIэ мониторинг щригъэжьэкIати, ди казначействэр щытекIуащ.

Илъэс блокIам и кIэ зехьэрэ финансэмкIэ управленэм ведомствэ акт зыбжанэ егъэхьэзыр. ЩыIэ унафэм иткIе иткIэ, 2009 - 2011 гъэхэм бюджетыр зыразэкIэтхьа хьыну щыкIэр зэхэтIхьащ икIи ар Федеральнэ казначейством къыщтащ. Нэгъабэ и етIуанэ Iыхьэм къыщыщIэдзауэ нобэр кьыздэсым нормативэ-правовой акту 57-рэ дгъэхъэзыращ. Абы щыщу 40-м нэсым къыттэщIыт къалэнхэмрэ пщэрыльхэмрэ гъэзэщIэным ехьэлIащ, - кьыхигъэщащ къэпсэлъам.

Яковлевэ Еленэ кьытеувыщащ Федеральнэ казначействэм и щIыналъэ къудамэхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэм, нэхъ пащхьэм я зэрыхъуэр, щIыналъэхэм, зыхуэзэ гугъуехьэхэрэ ахэр кьыезгъэжьыным и Iэмалыр, ФинансэмкIэ управленэм и мыгъэрей программэр зэрыпхагъэкIым, нэгъуэщIхэм.

Зэлуцым щедзIуащ финанс менеджментым и фIагъыр къэпльытыгъэным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкIа мониторингым кьрикIуаужи, Астрахьэн областым и УФК-м и щапхъэм тету, Федеральнэ казначейством и щIыналъэ къудамэхэм управленэмкIэ учетым и Iэмалыр зэрыхапщэм, АКСИОК программэ зэхэтым управленческэ учетым я щыгъэгъэсэбэпым, щIыналъэ къудамэхэр мы къыткуукIэ кьыззэрызэрагъэпэщым техууа докладхэм, нэгъуэщIхэмри.

Зэхьыхьэм лэжьыгъэм щыпэрытхэм Федеральнэ казначействэм и щIыхь тхьылъыр щратащ. Апхуэдэ пщIэ кьыхуащIащ ди республикэм щыIэ къудамэм и бухгалтер нэхъыщхьэ Чамаевэ Тамарэ.

БАЦУ Фатlимэ.

«2008-2012 гъэхэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и АПК-м зегъэужьыным республикэ программэм ипкъ иткIэ, мэкъумэщ хозяйствэ куэдым джэдкъаз гъэхъуным зратынущ.

ИлъэситхУм кьриубыдэу мы Iэнатlэм хухахынущ сом мелуан 500. 2009 гъэм нэсу зэтеубла хъунущ джэдкъаз гъэхъуным елэжь. «Велес-Агро», «Бахьсэн-фермер» фермэхэм я лэжьыгъэр. Абыхэм я фIыгъэкIэ республикэм джэдкъазыIу къащIалэжьым хэпщIыкIыу хэхъуэнущ. Джэдкъаз гъэхъуным и сэбэныщхьэ екIынущ гъавэхэкIым, елэжьхэмри, хьэцэпэщэм Iусыпхъэ лIэужьыгъуэхэр кьыхэзыщыкI Iуэхущапlэхэмри.

Джэдкъаз зыгъэхьэхъэм я деж нобэ бжыпlэр щызыIыкIэ «Велес-Агро» ООО-м илъэсиплым кьриубыдэу бройлер мелуани 3 щIэщIэхуэ псэуалъэ зезыгъэуIуэ 13 нэхуащI. Зы илъэсым кьриубыдэу абы джэдыл тонн мини 4 кьелэжь. ДжэдкъащIэхуэхэр Германием кьраша Iэмэпсымэхэмкlэ кьызэгъэпэщащ. Кьагъэсэбэп автоматикэм лэжьакIуэхэм я Iуэхур куэдкIэ кьащIигъэпсыщIащ. Апхуэдизу джэджьейм кIэ лъыплъыр щIыхуитI къуадейщ, абыхэм ирагъэуIуэкIыр, псыр, джэдащ кIуэщIэм щыIэн хуэдэ хуабагъэр зыхуэдизыр ЭВМ-м зэрирубзыкIыр кьых эхыы. Мы зэманым предприятэм Iусыпхъэ кьыщIэзыгъэкI и заводым IэмэпсымэщIэхэр щегъэуж. Иджыри кьэс мыбы зы сыхьэтым хуэзэу Iусыпхъэ тонни 5 кьыщIигъэкIыу щытамэ, дяпэкI я бжыгъэр тонн 12-м нэсынущ. Джэджьейхэр гъавэ зэтеуда кьабгъэкIэ ягъашхэри, джэдылыр хуэдэ щымыIэу кьабгъэщ.

«Велес-Агро» ООО-м джэдыр щаукI, ар зэращIэну хуэзыгъэхьэзыр цехри иIэщ. Мы зэманым Iуэхущапlэм ехуэу илъэсым Iуэхуитlэ джэджьей мелуани 10 щагъэхъуну инкубаторыщIэ. Абы щагъэувынущ. Канадэм и «Джеймсвей» фирмэм кьращIигъэкI Iэмэпсымэфlэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм джэджьазыIу яшхьи и процент 20-р кьэзыгъэжь Iуэхуащапlэм щыIу 250-рэ егъэлажьэ, мазэ улахуэу ику ягъ сом мини 9 ящиту. Iуэхущапlэм илъэс кIуам КъБР-м и бюджетым сом мелуанитIым щIигъу хилъащ. «Велес-Агро»-м къыщIигъэкI лыхэкIыр зэрыфIыщIыр щыжьаIыр мэкъумэщ хозяйствэхэмрэ я ерыскыкъэхIым елэжь Iуэхущапlэмэрэ ягъэзэнатlэ зэрыгъэнэгъу Москва щекIуэкIам и ящIэ и продукцэм кьращIэпlэщIэу щыналъэ куэдым зэгурыIуныгъэ кьращIыпlащ. Абыхэм яхэтщ Москва, Санкт-Петербургэ щекIуэкIэ, Якутиер.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

Хьэшыр Чылар и лIыгъэм теухуауэ аргуэру зэ

Къалымыкъ Жылэбий

Мы гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м ягъэлъапIэнущ генерал Эмануэль зи пашэ, Урысейм и ятIэ щIэныгъэ экспедицэм хэтэ Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ и щыгум зэрыдзкIрэ илъэси 180-рэ зэрырикъур. Экспедицэм хэтахэм я щыщыу ар къызэхуIар абы и закъуэщ. А махуэм хуэдэ щIауэ зыхуеГъэхьэзыр Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэщIэзыгъэзыуIуэныжкIэ Советым и гъэмафэ Къалымыкъ Жылэбий.

- Жылэбий, сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэм дыпэплъэ хьуну мы махуэм ирихьэлIыу?

- Ди Советыр абы екъэлIауэ зыбжанэрэ зэхуэсащ, едгъэжьэкIын щ'ей Iуэхугъуэ-экэри лыхъэкIэуэ дубзыхэ-ащ. Абы иткIе иткIэ, едгъэжьэкIынущ Урысей Федерацэм щIэныгъэзэкIэ и академием щыщ щIэныгъэлIэхэри зыхэтыну зэхуэс. КъыщынэмыщIауэ, Хьэшыр Чылар икIи Iуэ гъэ зэгуэ гъ ет'у, Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIуеинущ академикуэ Куйпер. Ар экспедицэ ин гъэзэгуэ гъ ящыхь ящыхъ къызэрыгъэпэщащ. Абы Iуащхьэмахуэ щыIэ зэрыщытым щэч пылъкIэ къызэрыгъэзэжащ.

Экспедицэм хэта щIэныгъэлIхэми, генерал Эмануэли, Iуэхуэ зэфIэкIа нэужь, отчет зэрагъэхуэу щыгъащ. Абыхэм кьагъэлъэгъуащ Хьэшыр Чылар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адыгэу зэрыщытым щэч пылъкIэ къызэрыгъэзэжкIэ-хэр.

Экспедицэм хэта щIэныгъэлIхэми, генерал Эмануэли, Iуэхуэ зэфIэкIа нэужь, отчет зэрагъэхуэу щыгъащ. Абыхэм кьагъэлъэгъуащ Хьэшыр Чылар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адыгэу зэрыщытым. Ар и фIамащIэу, генерал Эмануэль щыгунымыкъыхэзыкIа плитауэ 2 Луганск и гъущIэавэ заводым 1829 гъэм щригъэщIауэ щытащ, экспедицэм хэтхэри, Iуащхьэмахуэ и щыгум Хьэшыр Чылар япэу зэрыдзкIари, ар зэрыдыдэгъэ-ри гетауэ. Абыхэм ящыщ зыр Псыхуабэ, адрейр Петербург щIыщ, Копие трахауэ ту ди республикэм щахьумэ. Зыр Iльэпкъ-зэхъуэкIым щIэлъ, етIуанэр Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и щIыхьэпIэм деж щытщ.

- ФIыщIэ пхуду щI, Жылэбий, ди упщIэхэм ящуап кьызэрептам щхьэкIэ.

Епсэлъар

ГъУЩIО Зарифщ.

ЛIыхъужьым и лъагапIэр

Мулаев Шарафудин

Сыт хуэдэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэм и лъэ хъэнэми, цIыхубзм и зэIуэзэпщ псэукIэмрэ Хэкум и лъэщагъэмрэ кьызэрыгъэпэщыр лэжьакIуэ. Зи Iэнатlэм хьэлэу пэрытхэм пщIэ хуащI, къарал дамыгъэхэр хуагъэфащэ. Ди республикэр кьащтэмэ, бжьыпэр зыныгъ цIыху минипщIхэм къэралым и тыгъэ пIагъэр кьратащ, нэхъ ехьулIэныгъэшхуэ зиIэхэм ящыщу 40-м Социалист Лэжьыгъэм и Iыхьэжьыщ. Абыхэм я гуащIэдэкI хьэлэлым пщIэ хуащIу икIи а цIыху цIэрыIуэкIэр ящыныгъуящи папщIэ, ветеранхэмрэ пенсионерхэмрэ я Урысейпсо советым и унафэкIэ иджыблагъэ кьызэрагъэпэщащ ЛIыхъужьхэм, къэрал дамыгъэхэр зратахэм, «Урысейм и лэжьакIуэ къэмыгъэджэхэр» къэрал саугъэтым и лауреатхэм я комитет. Ветеранэм (пенсионерым) я Къэрэгъулай-къэр Советым и къэрдэмкIэ ди республикэм «КъБР-м и лэжьакIуэ къэмыIэнджэжхэр» къудамэ я къыщыхэзыхуащ. Абы и унафэщIым Социалист Лэжьыгъэм и Iыхьэжьыщ, промышленностым и Iэнатlэм и къэхутэныгъэщащIэу щэрыпэ, иджыблагъэ зи ныбжьыр нитIэ 80 ирикъуа Ахъуэжьу Анатолэ.

Апхуэдэу нэхъыжьыфI пэрытхэм ящыщ, республикэм и зыужьыкIам и тхьыдэм зи цIэр хэзыхха, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ныбжьыр и къуэ пэж. Социалист Лэжьыгъэм и Iыхьэжьу Мулаев Шарафудин нобэ илъэс 80 ирокIу. Апхуэдэжрэ «Урысейм и Къэбэрдей-Балъкъэрым я лэжьакIуэ къэмыIэнджэжхэр» зыхужаIэхэр.

Къуэхэстаным къикIыжа нэужь, 1956 гъэм Мулаев Шарафудин ухуакIуэ икIи пхьащIэу Былым кьуажэм лэжьэн щыщIидзащ, 1959 гъэм щегъэжьауэ илъэс 7-м Фрунзе ерудникым щIэтащ, Щалэ ерыщым, гуащIэшхуэ зиIэм, жэуаплныгъэ зыпылъ къалэнхэр гъэззэщIэным щIыхуэхэр хуэзащIэнхэмкIэ зэфIэкIа зыбгъэдэлъ лэжьакIуэ жьидэрым гу кьыльатэри, куэд дэмыкIыу кьурышр пхьазыхъ гуп зэхэтым и унафэщIу ягъэуващ.

Я Iэнатlэм кьащIыпэщIт планыр процент 170-190-кIэ зэригъэзащIэм хуэдэу, занщIэу дзэкIуейуэ кьурышыр зэрыхъэ-щабжьаагъэтымкIэ 1969 гъэм бригадэм союзпсо рекорд зэщIэгъэстакIуэхэм кьрахьэжьа Iуэхугъэм зыдетэщIэщхьэ хуейкъым, апхуэдизкIэ зэрыдгъэкIуэдыным дыхуущIэкъуп-хьащ. «Къэжьгуным уегупсысмэ, нэхъыщхьэ Iыхьэ и къуэм узынщагъэ быдэ иIэу гъащIэ кIыхь кьынгъэщIну, и унагъуэкIэ зэпэщу и бынхэм, абыхэм кьаатхъужакъым, кьатепщыкIыжахэм я гуфIэгъэ куэд иплъагъуну.

КЪУЩХЬэ Мухьэжид,
УФ-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ я энергетик, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран.

Зэгурыlуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ нэхъыщхьэщ

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэ КъБР-м щыIэм и Жылагъуэ советым и зэIуцIэ екIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ республикэм щыткIэ зэпIэзэрыгъэуIуэныгъэ щыгъэбыдэныным текуэдауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм. Гульытэ щхьэхуэ игъэтащ щIэблэм гъэсэныгъэ тэмэм етыным, ахэр хэгупсэу къэгъэгъэджыным. Иужь зэманым щIалэгъуалэм я зэхуакIуэ къыдэхуэз эздаэм лъэпкъ Iуэху хальэгъуэну, ныбжьыщIэхэр зэрызэщIыкIыжыкIэр щыткIэр щIэныкъо-нымкIэ къэзыгъэсэбэпыну хуейхэр зэрыщыIэм кьытеувыIэри, гугъуэсыгуныр къыиэнэкIа зэрыкъуным тепсэлъыхьащ зэхуэсахэр. щыгъуазэ ищIащ.

Жылагъуэ советым и лэжьыгъэм хэтащ абы къыщIатэ Iуэхугъуэхэм теухуа я Iуэху ельытыжьхэм зэрыгъэхьащ ЦIыхум и куейтыныгъэхэр хуэмэныкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борисрэ** КъБР-м и Профсоюзхэм я Федерацэм и унафэщI **Тау Пщыкъанрэ**, дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, МВД-м и щIыпIэ ОВД-хэм я лIыкIуэхэр.

- Iуащхьэ лъандэрэ дызэгурыIуэу, мамыру дыкъызэдэкIуэкI адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ, республикэм щыпсэу адрей лъэпкъэхри. Иужь зэманым зэщIэгъэстакIуэхэм кьрахьэжьа Iуэхугъэм зыдетэщIэщхьэ хуейкъым, апхуэдизкIэ зэрыдгъэкIуэдыным дыхуущIэкъуп-хьащ. «Къэжьгуным уегупсысмэ, нэхъыщхьэ Iыхьэ и къуэм узынщагъэ быдэ иIэу гъащIэ кIыхь кьынгъэщIну, и унагъуэкIэ зэпэщу и бынхэм, абыхэм кьаатхъужакъым, кьатепщыкIыжахэм я гуфIэгъэ куэд иплъагъуну.

КЪУЩХЬэ Жени.

«Жылагъуэ зэпIэзэрыныгъэр, лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр КъБР-м щыгъэбыдэным и Iуэхукlэ»

КъБР-мкIэ МВД-м и дежи щыIэ Жылагъуэ советым хэтхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм

Зэрызыхуагъазэ

ПщIэ зыхуэзщI ди лъахэгъуэх!

Нобэ, экономикэ щытыкIэ гугъуи и лъэхъэнэм, Урысейми, лъэпкъыбзу зэхэт ди республикэм дежкIи дин, лъэпкъ зэпэщIэувэныгъэр зэщIэгъэстыным нэхъ щынагъу щыIэкъым. Экономикэ гугъуемкъэх къыгъэсэбэпу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щытыкIэр къыщыдгъэтIэсхъэнэр зи гугъэ-рыIуэ экстремистхэр щыIэщ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органэхэм, жылагъуэм я кьыдэкIуэ щIыналъэ зэхуащIыныр, хьэл-щэн зэпIэзэрыт яхэлъныр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэкъым лъэпкъ, дин зэпэщIэувэныгъэ, арщхьэкIэ кьыхахъэ зэгурыIуныгъэхэр зэфIэхьыным и мызакъуэу, апхуэдизкIэ кьаугъэм нэмыс щыкIэ кьызэтеIэзывыIэн хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ куэд щыпсэу пэтми, сыт щыгъуи зэгурыIуэу, гуНэгъу зэхущытыкIэ я зэхуакIу дэлъу, пщIэ зэхуащIу къоГуэгурыкIуэ.

Апхуэдизу щытми, республикэм и район зэхыныкъуэхэм хабзэр кьызэрыщыIэпуадам кьызэрагъэльэгъуащи - уемыгупсысауэ бгыпхъэ зэгурыIуэн зы псалъэри лъэпкъ, дин зэпэщIэувэныгъэм «лагьым» хуэхъунущ, узыпэмыплъа Iуэхугъуэхэр КъБР-м кьыщежьэным щхьэусыгъэ иритынущ.

